



REPUBLICQUE D'HAÏTI

**MINISTÈRE DE LA SANTE PUBLIQUE  
ET DE LA POPULATION**

No. SM-02-21 3967Port-au-Prince, le 22 FEV. 2021 20

## AVI

Ministè Sante Piblik ak Popilasyon ap enfòmè tout moun alawonnbadè, apre envestigasyon li mennen nan Leyogàn ak nan Pòdepè, **pa genyen yon epidemi fyèv**, jan sa ta vle fè kwèl sou rezo sosyal yo.

Ministè Sante Piblik atravè Direksyon sanitè nan Lwès ak nan Nòdwès te kontakte prese prese responsab plizyè lopital nan zòn sa yo pou te mennen envestigasyon an, responsab sa yo deklare yo pa jwenn ka fyèv jan sa ta vle fè kwè a. MSPP ap kontinye resevwa enfòmasyon nan men Ofisye Siveyans Epidemyoljik (OSE) li yo ki nan tout departman nan peyi a pou l kontinye kontwole tout sa ki gen rapò ak epidemi.

Yon lòt fwa ankò, Ministè Sante Piblik ap mande popilasyon an pou li vijilan anpil ak enfòmasyon kap bay sou rezo sosyal yo epi li envite tout moun suiv enfòmasyon lasante k ap bay sou sit ak rezo sosyal ofisyèl Ministè a.

**Doktè Marie Gréta Roy CLÉMENT**  
Minis

